Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU CHARTER SPECTRUM

"An 2016, Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission, PSC) te bay Charter Spectrum yon franchiz pwofitab pou li fonksyone nan eta sa a. Apwobasyon PSC sa a te gen kòm kondisyon klè sèten deklarasyon Charter Spectrum te fè. Pami deklarasyon sa yo te gen kenbe mendèv konpetan an epi pote entènèt wot vitès nan kominote ki pa resevwa sèvis yo ak sa ki defavorize yo. Konpayi an pa respekte deklarasyon li yo epi PSC a angaje nan yon pwosesis long pou li revoke franchiz yo a.

Mwen deklare piblikman opozisyon ak endiyasyon mwen devan konduit Charter a nan plizyè okazyon. Mwen bat bravo pou Majistra de Blasio dèske li bòykote rezo a epi mwen ankouraje lòt fonksyonè yo fè menm jan avèk li. Nou dwe mete konsomatè yo okouran abi Charter Spectrum yo, ke rezo a klèman pa rapòte nan ankenn nan difizyon li yo. Presyon konsomatè yo pral gen konsekans sou rezilta nèt Charter yo, ki se klèman sèl bagay ki enterese li."

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU